



Pwogram Reemployment Services and Eligibility Assessment (RESEA) Program

Elijiblite pou Alokasyon Asirans Chomaj

Pwogram Asirans Chomaj la (UI) founi asistans finansye tanporè pou moun ki kalifye yo ki annakò ak egzijans lwa deta UI a. Chak moun ki kolekte alokasyon UI yo legalman rèsponsab pou asire yo swiv règleman ki fikse pa lwa deta a. Silvouplè swiv enstriksyon ki founi pi ba yo pou rete elijib pou avantaj UI yo.

Petèt ou nan chomaj, fizikman ou prè pou w travay, aktivman ap chèche travay chak semèn epi pa gen okenn entèdiksyon ki ka anpeche w aksèpte travay.

Aktivman ap chèche travay vle di fè omwen twa kontak travay ak anplwayè potansyèl yo chak semèn. Kontak ak anplwayè yo kapab fèt an pèsòn, ak rezime, aplikasyon sou entènèt, reponn piblisite jounal, elatriye. Ou gen egzijans pou mentni dokimantasyon efò rechèch travay ou an. Silvouplè anrejistre kontak rechèch travay ou yo sou fòmilè NCUI 506E, Work Search Record.

Si ou pa kapab travay oswa pa disponib pou travay, oswa refize travay pou nenpòt rezon, yo kapab refize w alokasyon yo pou nenpòt semèn kondisyon elijiblite yo pa respèkte.

Pandan ou nan chomaj la, si ou aksèpte yon travay tanporè oswa tan pasyèl, ou egzije pou fè rapò sale brit ou yo pou semèn nan. Petèt ou poko resevwa pèman an, men ou dwe fè rapò revni ou yo pou semèn travay la te reyèlman efektye a.

Ou dwe enskri pou travay epi gen yon rezime aktif ki konplete pandan w ap itilize NCWorks Online. Ou kapab aksede ak NCWorks Online pandan w ap konekte nan <http://www.ncworks.gov>.

Pwogram **The Reemployment Services and Eligibility Assessment (RESEA)** founi asistans pou moun tounen jwenn travay. Yon fwa ou seleksyone pou pwogram RESEA a ou gen egzijans pou patisipe nan aktivite ki founi pa pwogram RESEA a. Si w pa rive patisipe nan aktivite sa yo sa kapab afekte negativman alokasyon UI ou yo. Si pou nenpòt rezon, ou pa kapab patisipe nan aktivite RESEA yo, silvouplè kontakte moun pèsònèl RESEA ou an nan () _____ oswa firstname.lastname@nccommerce.com.

Yon Pwogram opòtinite Egal/Anplwayè aksyon Afimatif/
Èd oksilyè ak sèvis disponib sou demann pou moun ki gen pwoblèm fizik yo.

(Rev 9/9999)